

Rezime Plan Alokasyon HOME – ARP

Vil Boston te resevwa **\$21.6 milyon** nan Pwogram Patenarya Investisman [HOME Investment Partnership Program] – Plan Soulajman Ameriken [American Rescue Plan (HOME-ARP)] lajan ki gen entansyon pou ogmante estabilite lojman nan ede moun, kay, oswa lòt popilasyon vilnerab ki sanzabri oswa ki riske pou yo pa gen kay.

Lajan HOME-ARP a dwe depanse nan mwa septanm 2030 epi yo ka itilize pou lwe lojman abòdab, asistans lwaye ki baze sou lokatè, sèvis sipò, ak pou achte oswa devlopeabri ki pa kongregasyon. Jiska 15 pousan ka itilize pou administrasyon ak planifikasyon. Epi, jiska 5 pousan sibvansyon an ka itilize pou depans fonksyonman ak devlopman kapasite pou òganizasyon ki pa pou pwofi yo tankou founisè sanabri yo.

Lajan HOME-ARP dwe itilize pou benefisye popilasyon ki kalifye sa yo (QP):

1. san kay,
2. nan risk pou sanzabri,
3. kouri, oswa eseye sove nan vyolans domestik, vyolans nan relasyon, atak seksyèl, pèsekisyon, oswa trafik moun;
4. yon pati nan lòt popilasyon kote yo bay sèvis sipò oswa asistans ta anpeche yon fanmi sanzabri oswa ta sèvi moun ki gen pi gwo risk pou enstabilite lojman; oswa
5. Veteran ak fanmi ki genyen yon manm fanmi Veteran.

Kondisyon konplè pou pwogram HOME-ARP a disponib sou [HUD Exchange](#).

MOH te fè yon seri reyinyon ak gwoup refleksyon pou konprann bezwen aktyèl popilasyon ki kalifye yo pou finansman HOME-ARP; an patikilye, moun ki te fè eksperyans sanzabri oswa ki gen risk pou yo vin sanzabri.

Dapre konsiltasyon ak done rechèch sa yo, bezwen ki pi ijan pami Popilasyon ki kalifye yo nan Boston se pou lojman ki ansekirite, abòdab, ak dirab, espesyalman pou 3,945 rezidan Boston yo ki pa gen yon kote pou yo rele lakay yo.

Rezime Plan Alokasyon HOME – ARP

Anplis de sa, 30 pousan nan lokatè Boston yo gen anpil chaj pou pri lojman, yo peye plis pase 50 pousan nan revni yo sou lwaye, epi gen lis datant ki long pou lojman piblik ak inite sibvansyone. Konsiltasyon ak òganizasyon k ap sèvi Popilasyon Kalifye yo te mande pou fon HOME-ARP tou sipòte rechèch lojman ak sèvis sipò pou ede moun jwenn kay epi pou yo rete nan yon lojman ki estab. Teni kont de bezwen sa yo, Biwo Lojman Majistra a (MOH) pwopoze pou dedye 74 pousan nan fon yo pou kreye lokasyon abòdab, nan fòm lojman sipò pèmanan; 14 pousan nan fon sibvansyon yo dwe mete akote pou sèvis sipò ak 12 pousan pou devlopman kapasite san bi likratif ak administrasyon ak planifikasyon MOH.

Bidjè HOME-ARP ki Pwopoze (Out 2022)			
Aktivite ki Kalifye yo	Kantite lajan Finansman	% nan Sibvansyon	Nivo Sèvis
Sèvis Sipò	\$3,000,000	13.9%	A detèmine
Akizisyon ak Devlopmanabri ki pa kongregasyon yo	\$0	0%	Pa/Aplikab
Asistans lwaye ki baze sou lokatè (TBRA)	\$7,000,000	32.4%	A detèmine
Devlopman Lojman Lwaye Abòdab	\$9,000,000	41.7%	200 Nouvo Inite
Fonksyonman a bi non likratif	\$0	0%	Pa/Aplikab
Ranfòsman kapasite a bi non likratif	\$1,000,000	4.6%	
Planifikasyon ak Administrasyon	\$ 1,597,797	7.4%	
Alokasyon Total HOME ARP	\$ 21,597,797		